



# PWOTOKÒL REPOS ESTANDA

## ENFÒMASYON POU PARAN AK GADYEN

Lekòl nou an adopte pwotokòl "Foundation's Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Repons Fondasyon an) "I Love U Guys" (Mwen Renmen NOU Guys). Elèv ak anplwaye yo pral pran fòmasyon, pratike, ak fè egzèsis pwotokòl la.

### LANG KOMEN

"The Standard Response Protocol (SRP)" (Pwotokòl Repons Estanda) baze sou apwòch pou adrese tout danje olyede senaryo endividiyèl yo. Tankou "The Incident Command System (ICS)" (Sistèm Kòmand Ensidan an), SRP utilize langaj komen klè pandan li pèmèt fleksibilité nan pwotokòl la.

Konsepsyon an senp - gen senk aksyon espesifik ki ka fèt pandan yon ensidan. Lè nou ap kominike yo, nou make aksyon an ak yon "Term of Art" (Yon Tèm Ar) epi apre yo swiv li ak yon "Directive" (Kòmand). Se chak patisipan aktif ki egzekite aksyon an, ki gen ladan elèv, anplwaye, pwofesè ak premye sekouris yo. SRP a baze sou aksyon ki ap suiv yo: Kenbe, Sekirize, Fèmen, Evakyé, ak Kache.

## Kenbe

### "Nan Klas la oswa nan yon Arey"'

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Soti nan koulwa yo e rete nan areya yo oswa nan salklas yo jis yo anonsé "Tout Bagay Klè"
- Fè biznis kòm dabitid

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Fèmen epi klete pòt yo
- Pran responsablité elèv ak adilt yo
- Fè biznis kòm dabitid

## SEKIRIZE


### "Antre Andedan. Fèmen pòt deyò yo"

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Retounen nan andedan biling nan
- Fè biznis kòm dabitid

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Fè tout moun antre andedan
- Fèmen pòt deyò yo
- Ogmante konsyantizasyon sitiyasyon an
- Pran responsablité elèv ak adilt yo
- Fè biznis kòm dabitid



## 'LOCKDOWN'

### "Klete pòt, Etèn Limyè, Kache"

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Deplase devan danje a
- Rete an silans
- Pa louvri pòt la

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Rekipere elèv pou soti nan koulwa a si sa posib
- Fèmen pòt salklas yo
- Etèn limyè yo
- Deplase devan danje a
- Rete an silans
- Pa louvri pòt la
- Prepare evade oswa defann



## EVAKYE

### "Ale Yon Lòt Kote"

**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Kite objè yo dèyè si sa posib
- Si sa posib, pran telefòn yo
- Suiv enstriksyon yo

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Pote fèy apèl prezans ak Sak yo (sofsi yo bay enstriksyon pou pa pote anyen avèk yo, depan de rezon evakyasyon an.)
- Kondui elèv nan loksayon Evakyasyon an
- Pran responsablité elèv ak adilt yo



## KACHE

### "Estrateji pou Danje ak Pwoteksyon Eta a"

**Danje** ka gen ladan:

- Tònad
- Hazmat
- Tranblemantè
- Sounami

**Estrateji Pwoteksyon** yo gen ladan:

- Evakyé ale nan zòn abri
- Fèmen sal la
- Kouche, kouvri epi kenbe
- Ale kote ki pi wo



**Elèv yo** resevwa fòmasyon pou:

- Danje Apwopriye ak Estrateji Pwoteksyon

**Adilt ak anplwaye yo** resevwa fòmasyon pou:

- Danje apwopriye ak Estrateji Pwoteksyon
- Pran responsablité elèv ak adilt yo





# PWOTOKÒL REPONS ESTANDA

## GIDE PARAN

Lè yon evènman ensidan ap dewoule, paran yo ka gen kesyon sou wòl yo.

## SEKIRIZE

**“Antre Andedan. Fèmen Pòt Deyò yo”**



Yo mande pou sekirize etablisman an li gen danje deyò nan biling nan. Elèv ak anplwaye yo ap antre andedan biling nan e yo ap fèmen tout pòt deyò yo. Lekòl la ka fè konnen biling nan sekirize nan afiche sa sou pòt antre a oswa fenèt ki tou pre yo. Andedan lekòl la, biznis yo ap kontinye kòm dabidit.

## ÈSKE PARAN KA VIN LEKOL LA NAN MOMAN YON EVENMAN AP DEWOULE?

Pwobableman pa. Yo ap fè tout efò pou kenbe klas yo nòmal pandan yon evènman sekirite. Anplis, yo ka paran yo pou rete deyò pandan yon evènman sekirite.

## E SI PARAN YO BEZWEN VIN CHÈCHE ELEV YO?

Dapre sitiyasyon an, li ka pa an sekirite pou lage elèv yo. Fason sitiyasyon an ap evolye, Sekirite a ka chanje pou Siveye Antre yo e/oswa Kontwole Soti yo.Z

## ÈSKE YO AP AVIZE PARAN LÈ YON LEKÒL ANTRE AN SEKIRITE?

Lè yon evènman an sekirite brèf oswa danje a pa vyolan, tankou yon bêt sovaj sou lakou rekreyasyon an, yo ka pa bezwen notifye paran pandan sekirite a an plas.

Avèk evènman ki pi long oswa pi danjere, lekòl la dwe notifye paran yo li ogmante sekirite li yo.

## KLETE LEKÒL LA

**“Klete pòt, Etèn Limyè, Kache”**



Yo mete yon ‘Lockdown’ lè gen yon bagay danjere andedan biling nan. Elèv ak anplwaye yo resevwa fòmasyon pou yo antre oswa rete nan yon chanm ki ka klete, epi rete an silans.

Yo inisyé yon ‘Lockdown’ sèlman lè gen yon menas aktif andedan oswa toupre biling nan.

## ESKE PARAN TA DWE VINI NAN LEKOL LA PANDAN YON ‘LOCKDOWN’?

Enklinasyon natirèl paran yo se pou ale lekòl la pandan yon ‘Lockdown’. Nou konprann, men petèt se yon pwoblèm. Si gen yon menas andedan biling nan, lapolis ap reponn. Nou pa kwè yo ap bay paran aksè nan biling nan oswa menm sou kanpous lekòl la. Si paran yo deja nan lekòl la, yo ap ba yo enstriksyon pou yo antre nan ‘Lockdown’ tou.

## ÈSKE PARAN YO KA TÈKS ELÈV YO?

Lekòl la rekonèt enpòtans komunikasyon ant paran ak elèv yo pandan yon evènman ‘Lockdown’. Paran yo dwe konnen pandan peryòd inisyal yon ‘Lockdown’, li pap an sekirite pou elèv yo tèks paran yo. Pandan yo ap rezoud sitiyasyon, yon ka mande elèv yo pou mete paran yo ajou regilyèman.

Nan kék ka, yo ka evake ak transpòte elèv yo nan yon lòt kote pou reyini elèv-paran.

## E EGZÈSIS YO PA ANONSE?

Lekòl la ka fè egzèsis enprevi, sepandan nou dekoraje sa anpil pou yo fè yon egzèsis san anonse li se yon egzèsis. Yo rele sa yon egzèsis san anonse li ka lakòz enkyetid soufrans ak estrès.

Paran yo dwe konnen lekòl la ap toujou enfòme elèv yo se yon egzèsis pandan anons inisyal la.

Li enpòtan pou diferansye ant yon ‘drill’ ak yon egzèsis. Yo itilize yon ‘drill’ pou “Reveye Memwa” moun pou asosye yo avèk yon aksyon yo te pratike. Pa gen okenn similasyon evènman; yo senpleman fè aksyon an. Yon egzèsis simile yon evènman aktyèl pou teste kapasite anplwaye ak ekipman yo.

